


# Pwoteje tèt ou.

## Epatit A ap ogmante nan zòn nou an.



Pran vaksen.



Lave men ou.



Viris Epatit A nan poupou moun ki gen viris la.

- Si yon moun ki gen viris la pa lave men li apre li sot nan twalèt, matyè fekal (poupou) ka transfere sou objè, manje, bwason oswa medikaman.
- Lè yo pataje bagay sa yo, lòt moun ka vale viris la san yo pa konnen sa.
- Si yon moun ki gen viris la vin an kontak pre avèk lòt moun—pa egzanp pandan sèks—viris la ka transmèt.



Sispenn simen enfeksyon an:

- Lave men ou avèk savon ak dlo apre ou fin soti nan twalèt, ak anvan ou manje ak bwè.
- Pa pataje atik pèsonèl, manje, bwason oswa medikaman.



Viris la ka lakòz pwoblèm grav nan fwa. Sentòm yo:

- |                      |                                     |
|----------------------|-------------------------------------|
| • Doulè nan vant     | • Doulè nan jwenti                  |
| • Kèplen ak vomisman | • Poupou pal oswa ki gen koulè ajil |
| • Lajonis            | • Lafyèv                            |
| • Dyare              | • Fatige                            |
| • Pèt apeti          | • Pipi koulè fonse                  |

Rele liy enfòmasyon an: **1-844-CALL-DOH (844-225-5364)**

Lendi jiska Vandredi. • 8 a.m. rive 5 p.m. • Nimewo apèl gratis

[FloridaHealth.gov/HepA](http://FloridaHealth.gov/HepA)

**Florida**  
**HEALTH**